

Règleman  
5.189      **Disiplin pou elèv ki kalifye pou resevwa sèvis nan kad Lwa sou edikasyon pou moun ki gen andikap yo ("IDEA")**

1. Lwa ak Prensip
  - a. Se lwa ak règleman federal ki pase nan kad Lwa sou edikasyon pou moun ki gen andikap yo (*abreje "IDEA" ann anglè*) ansanm ak lwa nan Eta Florid ak règleman Konsèy administrasyon Depatman Edikasyon Eta a ki reji règleman disiplin pou tout elèv ki gen andikap yo (*abreje ESE ann anglè*).
  - b. Si distri a te deja konnen yon elèv kab kalifye pou resevwa yon ansèyman espesyal ak lòt sèvis edikatif konèks, men li pa t ankò detèmine si elèv sa a kalifye, elèv sa a kab revandike tout oswa nenpòt nan pwoteksyon ki deklare nan règleman sa a.
2. Ekspilasyon
  - a. Ekspilasyon vle di ranvwa definitiv ak revokasyon dwa ak obligasyon elèv lekòl piblik la pou pa kontinye frekante lekòl la dapre kondisyon Konsèy administrasyon distri lekòl la tabli pou yon peryòd tan ki pa dwe depase rès tèm ane akademik la ak plis yon (1) ane eskolè.
  - b. Yo pa kab konsidere ekspilasyon pou elèv ki kalifye pou resevwa sèvis nan kad lwa IDEA paske sa ta p reprezante yon enteripsyon nan sèvis edikatif y ap bay elèv la pou peryòd tan sa a.
3. Eksklizyon
  - a. Yon eksklizyon ESE vle di yo retire tout dwa ak obligasyon elèv la genyen pou kontinye vini nan yon lekòl piblik dapre yon seri kondisyon konsèy administrasyon an tabli ak pou yon peryòd tan ki pa depase rès tèm nan oswa rès ane eskolè a anplis yon lòt ane eskolè konplè, ak kondisyon sepandan yo garanti y ap kontinye bay sèvis edikatif apwopriye ki te pwograme nan plan edikatif endividyèl ("IEP") pou elèv la atravè kèk mwayen altènatif.
  - b. Sèvis edikatif yo dwe pèmèt elèv la reyalize objektif IEP yo yon fason apwopriye ak pwogrese yon fason apwopriye nan kourikoulòm ansèyman jeneral la, si sa apwopriye.
4. Aksyon disiplinè kont dwòg ak zam
  - a. Direktè/tris lekòl la oswa reprezantan li kapab plase yon elèv ki gen andikap nan yon lòt anviwònman edikatif altènatif pa enterim (*abreje "IAES" ann anglè*) pandan jiska karant senk (45) jou nan almanak la san konsantman paran pou:
    - i. Posesyon zam danjere nan lekòl la oswa nan aktivite lekòl la; oswa
    - ii. Posesyon, izaj, vant oswa mande dwòg nan lekòl la oswa pandan yon aktivite lekòl la.
  - b. Definisyon zam danjere vle di swa yon zam, aparèy, enstriman, materyèl oswa sibstans, anime oswa inanime, ki itilize pou, swa ki kapab pare pou, swa koze lanmò oswa blese moun gravman, eksepte depi objè sa a pa fè pati kategori yon kouto pòch ki gen lam ki mezire mwens pase de pous edmi (2½") nan longè.
5. Plasman nan yon sèvis altènatif pa enterim ("IAES")
  - a. Plasman nan yon sèvis altènatif pa enterim (IAES) kab rive kèlkilanswa konduit la te yon rezilta manifestasyon andikap elèv la ou non.
  - b. Plasman nan yon IAES kab rive sou demand direktè/tris lekòl la.
  - c. Dwe gen yon reyinyon IEP ki fikse nan lespas dis (10) premye jou plasman an te fèt la. Yo dwe envite paran responsab elèv la vin patisipe kòm manb ekip IEP a. Yo dwe bay paran responsab la yon kopi pwosedi garanti dwa li genyen yo.
  - d. Dwe gen yon detèminasyon manifestasyon ki fèt nan reyinyon IEP a.
  - e. Yo dwe kòmanse fè yon evalyasyon konpòtmantal fonksyonèl (*abreje "FBA" ann anglè*) nan lespas dis (10) jou, kòmanse apati jou plasman an. Anplwaye ki ni nan lekòl aktyèl elèv la ak ni nan ansyen lekòl li a gen pou patisipe nan FBA a.
  - f. Yo dwe devlope yon plan entèvansyon konpòtmantal (*abreje "BIP" ann anglè*) imedyatman apre yo fin fè FBA a.
  - g. Sèvis edikatif ki dwe detèmine nan lespas dis (10) jou apre plasman an dwe:
    - i. Fasilite elèv la pwogrese kòmsadwa nan kourikoulòm jeneral la;
    - ii. Fasilite elèv la pwogrese kòmsadwa nan objektif IEP a;
6. Sispanasyon

- a. Sispansyon vle di ranvwa tanporè elèv la pou pa vini nan klas li ni lekòl la, ni nan okenn lòt aktivite lekòl la ap fè pandan yon peryòd ki pa dwe depase plis pase dis (10) jou suivi suivi lekòl nan yon ane.
  - b. Yon direktè/tris lekòl oswa reprezantan li gen dwa retire yon elèv ki kalifye pou resevwa sèvis nan kad lwa IDEA pou jiska dis (10) jou lekòl suivi suivi pou kalandriye anyèl la pou enfrazyon disiplinè.
  - c. Yo pa bezwen bay sèvis edikatif pandan dis (10) jou sa yo.
  - d. Sepandan, pou nenpòt sispansyon oswa eksklizyon ki depase dis (10) jou, dwe genyen prezantasyon yon odyans epi yo dwe bay elèv la yon edikasyon piblik apwopriye gratis (*abreje "FAPE" ann anglè*) ki se yon opòtinite pou li travay sou objektif IEP li yo ak posibilite pou pwogrese kòmsadwa nan kourikoulòm jeneral la.
  - e. Avan yo konsidere sispansyon an, lekòl la te dwe fè ak dokimante tout tantativ rezonab pou itilize mwens altènativ ak/oswa entèvansyon restriktif ki ta kab diminye konpòtman endezirab ki pa apwopriye a.
  - f. Si yo retire yon elèv nan anvwonman edikatif la pou plis pase dis (10) jou suivi suivi pa ane eskolè, dwe gen yon ekip IEP ki reyini pou detèmine si konpòtman elèv la se yon rezilta andikap li. Yo dwe envite paran responsab elèv la vin patisipe kòm manb nan ekip IEP sa a. Yo dwe bay paran responsab la yon kopi pwosedi sou garanti dwa li genyen yo.
  - g. Si manifestasyon konpòtman elèv la se rezilta andikap li, yo pa dwe sispann/ekskli elèv la pou plis pase dis (10) jou suivi suivi pa ane eskolè. Plan IEP elèv la dwe reyegzamine ak, si sa nesèsè, revize pou trete dosye konpòtman elèv la.
  - h. Yon lekòl pa gen dwa oblije paran yon elèv ESE vini nan reyinyon obligatwaman toutotan elèv ESE a poko retounen vini sou lakou lekòl la apre sispansyon an. Yo gen dwa sijere pou gen yon reyinyon, men elèv la toujou mentni dwa li genyen pou gen aksè ak edikasyon nan kad lwa IDEA apre dis (10) jou suivi suivi pa ane eskolè a, menm si paran l pa vini nan konferans la.
  - i. Ekip IEP a dwe reyini pa pita ke dizyèm (10<sup>yèm</sup>) jou sispansyon kimilatif la pou:
    - i. Detèmine si konpòtman elèv la se yon rezilta oswa yon manifestasyon andikap li.
    - ii. Kòmanse yon FBA oswa reyegzamine FBA aktyèl elèv la ak plan entèvansyon pou konpòtman an.
    - iii. Si konpòtman an se yon rezilta andikap elèv la, revize plan IEP elèv la.
    - iv. Si konpòtman an se pa yon rezilta andikap la, ekip IEP a kab konsidere yon chanjman nan sèvis oswa yon chanjman nan plasman pou yon lòt lokal.
7. Sispansyon nan otobis.

Sispansyon yon elèv ESE nan otobis lekòl la dwe konte kòm pati nan dis (10) jou suivi suivi sispansyon an si elèv la bezwen transpò pou ale nan FAPE ak si yo pa t ba l yon lòt mwayen altènativ pou l ale lekòl.

8. Sispansyon pandan elèv la lekòl
  - a. Sispansyon pandan elèv la nan lekòl la vle di ranvwa tanporè elèv la nan pwogram klas nòmal l ap pran lekòl la ak plasman tanporè li nan yon pwogram altènativ, tankou jan Lwa § 230.2316 Eta Florid la rekòmande sa, sou sipèvizyon pèsonèl distri a, ki pa dwe depase dis (10) jou lekòl.
  - b. Yo dwe kontinye bay yon elèv sèvis ki detaye nan plan IEP li a pandan li nan sispansyon nan lekòl la.
  - c. Li entèdi pou ap plede retire yon elèv nan sal klas ESE/regilye li pandan li nan sispansyon nan lekòl la.

OTORITE LEGAL: 20 U.S.C. § 1415 [and §§ 230.22(2); 230.23(22); 230.23005(6), Fla. Stat. ]

LWA ANVIGÈ: 20 U.S.C. § 1415 [and §§ 230.23(4)(m), Fla. Stat. ]

RÈGLEMEN DEPATMAN 6A-6.0331(6)

EDIKASYON ETA A KI  
ANVIGÈ:

DOSYE ISTORIK: 20/1/82 (as Policy 5.19); 14/1/2002

Paj 5.189(a)-(d)